

# Fòmilè I-9, Verifikasyon Kalifikasyon pou Travay Fèy Enfòmasyon sou Anplwaye



U.S. Citizenship  
and Immigration  
Services

- 1. Ki objektif Fòmilè I-9 a?** Lwa federal la egzije tout patwon yo pou yo verifiye idantite ak otorizasyon travay tout nouvo anplwaye yo epitou, nan sèten ka sèlman, pou yo reverifiye otorizasyon travay kèk tan apre. Patwon yo dwe itilize Fòmilè I-9 a pou yo fè sa. Patwon ou ap mande w pou ou ranpli Seksyon 1. Tanpri byen gade eksplikasyon yo epi ekri byen klè ak lèt detache.
- 2. Ki moun ki kenbe Fòmilè I-9 la?** Patwon-ou ap kenbe Fòmilè I-9 ou ranpli-a, men li dwe pataje li ak kèk biwo gouvènman-an lè yo mande sa. Ofisyèl yo ki soti nan Depatman Sekirite Nasyonal, nan Biwo Konsèy Espesyal pou zafè Pratik Malonèt nan Travay ki an Rapò ak Imigrasyon (OSC) nan Depatman Lajistis, epi nan Depatman Travay kapab enspekte Fòmilè I-9 yon patwon.
- 3. Èske mwen dwe ranpli tout bagay nan Seksyon 1 a?** Non. Gen twa pati ki pa obligatwa: (1) Nimewo Sekirite Sosyal, (2) Adrès Imel epi (3) Nimewo Telefòn. Si patwon ou itilize E-Verify, ou dwe bay Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou bay adrès imel ou ak nimewotelefòn ou, E-Verify ap kapab ba w bon jan enfòmasyon sou dosye E-Verify ou-an.
- 4. Èske mwen ta dwe ranpli Seksyon 2 oswa Seksyon 3?** Non. Seksyon 2 ak Seksyon 3 se patwon-an ki pou ranpli yo.
- 5. Èske Fòmilè I-9 la disponib nan lòt lang?** Wi. Fòmilè I-9 la disponib nan lang Panyòl pou itilize nan peyi Pòto Riko. An deyo de Pòto Riko, vèsyon Panyòl la kapab sèvi pou ede patwon ak anplwaye yo ranpli vèsyon angle fòmilè-a.
- 6. Èske yon moun ki konprann lang angle kapab ede mwen ranpli Fòmilè I-9 la?** Wi. Ou kapab mande yon moun pou ede ou ranpli Fòmilè-a. Egzanp ou jwenn souvan se lè ou bezwen pou yo tradui Fòmilè-a pou ou oubyen lè ou bezwen yo ede ou ekri enfòmasyon ou yo. Moun ki tradui oswa ki ranpli fòmilè-a pou ou dwe ranpli pati “Setifikasyon pou Moun ki Prepare epi/oswa Tradiktè” nan Fòmilè I-9 la. Sepandan, ou dwe pèsònèlman siyen Seksyon 1 an.
- 7. Ki dokiman mwen dwe montre patwon an?** Ou dwe montre patwon-an dokiman ki fè pati de “Lis tout Dokiman ki Akseptab yo.” Lis sa fè pati de Fòmilè I-9 la. Se ou menm ki ap decide ki dokiman w'ap montre pami tout sa yo ki nan Lis la. Patwon-an pa gen dwa mande oubyen egzije pou ou montre yon dokiman.
- 8. Èske se yonn oubyen de dokiman mwen dwe montre patwon an?** Sa depann. Genyen anplwaye ki chwazi pou yo montre yon dokiman ki fè pati de “Lis A” pou yo ka pwouve **alafwa** idantite yo epi otorizasyon pou yo travay. Gen lòt anplwaye ki chwazi pou montre yon konbinezon dokiman – yonn ki soti nan “Lis B” ki montre idantite yo epi yonn ki soti nan “Lis C” ki montre otorizasyon pou yo travay. Pou ou ka we lis konplè tout dokiman ke ou ka itilize, gade Lis tout Dokiman ki Akseptab yo
- 9. Kisa k'ap pase si mwen pa ranpli Seksyon 1 an epi/oswa mwen pa prezante dokiman ki akseptab yo?** Si ou pa ranpli Seksyon 1 ki nan Fòmilè I-9 a epi/oswa ou pa prezante dokiman ki akseptab yo, patwon ou kapab mete fen nan travay ou.
- 10. Èske mwen ka gen pwoblèm si mwen bay manti lè m'ap ranpli Fòmilè-a?** Wi. Yo ka pouswiv ou lajistis pou zak kriminel si ou fè manti oswa prezante fo dokiman pou Fòmilè I-9 la.
- 11. Kimoun mwen kapab rele si mwen gen kesyon, oswa si mwen panse ke patwon-an ap fè mwen injistis akòz de peyi kote mwen fèt la oswa akòz de nasyonalite mwen?** Pou tout kesyon ki konsène Fòmilè I-9 la, rele Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte peyi Etazini nan 1-888-464-4218. Si ou panse ou te viktim injistis akòz peyi kote ou sòti-an oswa nasyonalite ou oswa estati imigrasyon-ou, oswa si ou gen kesyon sou dwa ou, rele Biwo Konsèy Espesyal pou zafè Pratik Malonèt nan Travay ki an Rapò ak Imigrasyon nan 1-800-255-7688 (èd pou tradiksyon disponib) oswa 1-800-237-2515 (TDD).
- 12. Kijan mwen kapab aprann plis sou Fòmilè I-9 la ansanm ak dwa mwen ak responsablite mwen kòm anplwaye?** Tanpri vizite I-9 Central ([www.uscis.gov/I-9Central](http://www.uscis.gov/I-9Central)). USCIS ofri chak mwa Seminè sou entènèt sou dwa ak responsablite anplwaye. OSC bay seminè sou entènèt gratis nan lang angle ak lang panyòl pou anplwaye, epi genyen yon orè ki disponib sou sit entènèt OSC la ([www.justice.gov/crt/about/osc](http://www.justice.gov/crt/about/osc)).